



Pou Piblikasyon Imedyà: 24/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE DANFOSS PRAL ETABLI NOUVÈL OPERASYON MANIFAKTI NAN UTICA

*Founisè Teknoloji Aparèy Mobil Ki Ap Mennen nan Mond lan Pral Kreye 300  
Nouvo Pòs Travay nan Mohawk Valley*

*Konpayi Semikondiktè a Elaji kòm yon Pati nan New York Power Electronics  
Manufacturing Consortium*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Danfoss, ki se yonn nan founisè elektwonik kouran, HVAC (Heating, Ventilation & Air Conditioning) ak solisyon idwolik mobil ki ap mennen nan mond lan, pral etabli operasyon anbalaj nan Computer Chip Commercialization Center (QUAD-C) ki nan Utica. Yo prevwa pwojè sa ap kreye omwen 300 nouvo pòs travay. Eta a kontinye investi nan konplete epi ekipe etablisman anbalaj la nan QUAD-C. Yo prevwa ke Danfoss ap operasyonèl epi ab bay kliyan li yo sèvis, ki enkli General Electric (GE), nan Mohawk Valley apati kòmansman 2018.

“Ak angajman Danfoss pou etabli operasyon manifakti modèn yo nan Utica, nou ap simante wòl New York antan ke yon lidè nan devlopman ak rechèch semikondiktè yo, pandan ke l’ap kreye plizyè santèn pòs travay ki byen peye nan rejyon an,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ekspansyon sa se prèv pozitif ke nou ap atire konpayi 21yèm syèk yo ki soti toupatou atravè mond lan nan Utica, epi favorize teknoloji pwochè jenerasyon an pou ankouraje kwasans pèmanan ak reyisit kominote Mohawk Valley yo pou ane ki ap vini yo.”

Danfoss, ki gen katye jeneral li nan peyi Dànmak epi ki anboche plis pase 24,000 manm pèsonèl atravè mond lan, li pral okipe etablisman QUAD-C a an antye nan Utica, ki genyen de sal pwòp, laboratwa ak espas biwo. Pwojè sa sipòte epi fè vanse New York Power Electronics Manufacturing Consortium, ki se yon patenarya piblik-prive nan koridò Rejyon Nò a nan devlopman pwochè jenerasyon anbalaj ak materyèl semikondiktè yo, pou kapab pèmèt kreyasyon aparèy mobil ki pi piti, pi rapid epi pi efikas yo.

Etablisman sa pral pèmèt Danfoss Silicon Power pou sèvi pi byen baz kliyan Amerikan

li an, epi li pral pote bon jan kalite manifakti ki pa koute chè nan endistri Kabiran Silisyòm (SiC) ki ap devlope a. Danfoss Silicon Power, ki se yonn nan pwodiktè modil kouran pèsonalize endepandan ki ap mennen nan mond lan, ki ap sèvi sektè otomobil, endistriyèl ak enèji renouvlab yo, li te chwazi New York poutèt gwo ekosistèm teknoloji djanm ak mendèv talantye eta a. Etablisman QUAD-C an elaji prezans konpayi an nan peyi Etazini, epi li konpleman rezilta operasyon Flensburg, Almay yo.

**Claus Petersen, ki se Vis Prezidan & Direktè Jeneral Danfoss Silicon Power, te deklare,** “Jounen jodi a demann Ameriken pou modil kouran yo li kòmande prensipalman atravè enpòtasyon Japonèz ak Almand yo. Ak investisman sa Danfoss pral ofri mache Ameriken an yon patnè lokal djanm, ki kapab bay pi bon klas nan teknoloji anbalaj ak gwo kantite, bon jan kalite manifakti.”

Etablisman anbalaj Power Electronics nan QUAD-C an pral fè vanse lidèchip New York nan pwochè jenerasyon rechèch, devlopman, ak fabrikasyon komèsyal semikondiktè yo, pou reponn a demann global pou aparèy mobil yo. Prezans Danfoss pral elaji etandi inisyativ Nano Utica a soti nan komèsyalizasyon plakèt òdinatè yo pou ale nan aplikasyon elektwonik kouran yo pou pwodwi endistriyèl yo tankou tibin ewolyèn yo, konvètisè solè a echèl sèvis piblik yo, sant done yo ak machin ibrid yo. Etablisman anbalaj ki nan QUAD-C an gen potansyèl pou kondwi a gwo pwogrè komèsyal nan yon varyete aplikasyon ki klase soti depi nan sipè-enfòmatis, tablèt yo, telefòn selilè yo, EV (Electric Vehicle) ak HEV (Hybrid Electric Vehicle) yo, menm jan ak yon pakèt aplikasyon elektwonik kouran yo.

Nan objektif pou Danfoss kapab etabli etablisman yo an, New York pral investi \$100 milyon pou konplete pòsyon nan QUAD-C yo, ki enkli konstwiksyon, zouti ak ekipman. Danfoss pral lwe etablisman ak zouti ki soti nan Eta New York an retou pou kreyasyon omwen 300 nouvo pòs travay nan Utica pou 15 pwochè ane yo.

**Danielle Merfeld, ki se Vis Prezidan Niskayuna Technology Center nan GE Global Research, te deklare,** “Nou kontan anpil dèske nou wè Danfoss ap rejwenn etablisman anbalaj Power Electronics lan nan QUAD-C. Yo pral yon patnè kle nan fè vanse ak komèsyalizasyon pwochè jenerasyon aparèy kouran yo ak teknoloji kabiran silisyòm pou entwodwi pwochè revolisyon nan kouran an. Ansanm, nou pral travay ak Eta a pou atire plis patnè ankò pou kapab akselere nouvo devlopman ki ap solidifye plas Utica ak Rejyon Nò New York nan dirije chanjman transfòmatis sa atravè sektè enèjetik la.”

**Howard Zemsky, ki se Prezidan, Direktè Jeneral & Komisè Empire State Development, te deklare,** “Lè konpayi global yo tankou Danfoss chwazi Mohawk Valley, sa pwouve ke konpayi ki ap kreye dènye teknoloji modèn yo wè Rejyon Nò New York kòm yon gwo kote pou fè biznis. Mohawk Valley gen yon vizyon ak plan estratejik pou kreye travay epi, sou lidèchip Gouvènè Cuomo, nou fyè pou nou sipòte jefò yo. Anons jodi a reprezante yon investisman konsiderab nan rejyon an, epi li demontre angajman pèmanan nou nan ankouraje devlopman ekonomik ak kreyasyon travay, pandan ke n’ap pwomouvwa rechèch ak manifakti nanosyans ki revolisyonè soti depi nan Albany pou rive Utica.”

**Senatè Joseph A. Griffo te deklare,** “Yo wè Mohawk Valley deplizanpli kòm yon gwo kote pou viv epi travay, epi anons jodi a montre pwogrè ke nou te fè nan Rejyon Nò New York. Mwen ta renmen remèsye Danfoss poutèt angajman yo nan kreyasyon travay nan Utica, mwen espere wè kwasans ekonomik ke rejyon nou an pral kontinye eksperimante.”

**Anthony J. Brindisi, ki se Manm Asanble, te deklare,** “Se sètènman yon gwo nouvel ke Danfoss ap vini nan Mohawk Valley pou yon patenarya ki konsiderab anpil ak GE ansanm ak lòt konpayi yo ki pral pote plizyè santèn nouvo pòs travay nan rejyon an. Pwojè sa non sèlman ap pote gwo opòtinite nan domèn elektwonik kouran yo pou abitan zòn nou yo, men tou li pral pèmèt etidyan yo ki nan SUNY Polytechnic Institute pou pran eksperyans aprantisaj valab nan domèn lan, sa ki ap ranfòse wòl li nan sistèm inivèsite eta nou an. Ak anons sa ak lòt yo ke mwen konfyan sou orizon an, mwen kwè ke avni pou ekonomi nou an li briyan. Lè nou geneyn pwojè enteresan sa nan batiman Quad C modèn lan isit la nan kanpis SUNY Poly a ki nan Marcy, sa pral kondwi a lòt patwon nan nanoteknoloji ak domèn relatif yo ki ap konsidere zòn nou an kòm yon bon kote pou devlope epi elaji ladan.”

**Anthony J. Picente, Jr. ki se Chèf Egzekitif Konte Oneida, te deklare,** “Mwen kontan pou anons sa pliske nou kontinye wè devloman nan Endistri Nano a isit la nan Konte Oneida. Mwen vle akeyi Danfoss nan Utica epi mwen espere gade yo ki ap devlope epi reyisi nan Mohawk Valley. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt angajman pèmanan li nan zòn nou an, pwojè Nano Utica a ak endistri Nanoteknoloji/Teknoloji Avanse ki ap devlope a isit la nan Rejyon Nò NY.”

**Robert Palmieri, ki se Majistra Utica, te deklare,** “Li eksitan pou nou genyen yon nouvel operasyon manifakti ki vini nan Utica. Mwen felisite Gouvènè Cuomo, ak patnè nou yo ki nan gouvènman Eta a, menm jan ak MV EDGE, epi rejwenn yo nan akeyi Danfoss nan kominote nou an ak bra ouvri. Sa se yon pa annavan ki pozitif nan jefò mityèl nou yo pou elaji opòtinite devlopman ekonomik transfòmatif pou rejyon nou an.”

**Jacqueline Izzo, ki se Majistra Rome, te deklare,** “Patenarya sa reprezante yon investisman konsiderab pou Mohawk Valley epi li pral jenere anpil nouvel opòtinite pou vil Rome. Nou akeyi 300 nouvo pòs travay ki ap vini yo nan rejyon nou an epi mwen espere kontinye ajoute sou akò sa. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, Empire State Development, SUNY Poly ak Danfoss poutèt yo fè sa posib.”

**Steven DiMeo, ki se Prezidan Mohawk Valley EDGE, te deklare,** “Sa yo se moman eksitan nan Mohawk Valley pliske rejyon an gen yon dinamis djanm ak investisman ke Danfoss ajoute yo nan Quad C. Patenarya sa ajoute sou ekosistèm gwo teknoloji ki deja an plas alantou rejyon an, ak akonpliman devlopman ki ap fèt nan Marcy Nanocenter.”

Danfoss gen angajman biznis ki ap kontinye nan GE pou bay modil kouran ki a baz SiC yo, ki fabrike aktyèlman pa konpayi an nan peyi Almay, pou ki etablisman sa pral bay kapasite adisyonèl ak yon sous Ameriken domestik. Aparèy elektwonik kouran a baz

SiC yo gen avantaj konsiderab sou silisyòm, ki enkli kapasite pou jere frekans ak tanperati ki pi elve yo, sa ki diminye gwosè ak pri pou sistèm filtraj ak refwadismanm konpayon yo. An plis, aparèy yo kapab mwaye gwosè aparèy silisyòm ki similè yo, sa ki ap bay yon ogmantasyon nan dansite kouran ak fyabilite.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418